



**FRANKLIN ACADEMY  
KONTRA PARAN-LEKÒL  
ANE SKOLÈ 2016-2017**

**Kontra** sa a ant **Paran an/yo epi/oubyen Responsab lan/yo** ki gen responsabilite elèv Franklin Academy an ki gen non li make anba an stipile angajman tout fanmi Franklin Academy yo dwe pou yo pran. Nan Franklin Academy, konviksyon nou se yon anviwonman ki gen sekirite ak disiplin se yon eleman esansyèl nan pwogram edikasyon nou an. Devwa pou yo founi kalite anviwonman sa a, epi an menm tan devlope konesans, atitud avèk responsabilite pèsònèl lakay elèv yo, ankre nan chak moun nan pèsònèl lan epi nan chak elèv. Chak paran epi/oubyen responsab gen pou li jwe yon wòl aktif pou sipòte plan sa a. Pou chak elèv kapab aprann kijan pou li vin yon sitwayen responsab, se pou paran yo, responsab yo epi pèsònèl lekòl lan travay ansanm pou kreye bonjan anviwonman pou aprantisaj epi bay egzanp avèk aksyon epi konpòtman ki pozitif. Se konsa tout elèv Franklin Academy gen egzijans pou fè Paran li an/yo epi/oubyen Responsab li an/yo pase kontra sa a ki etabli egzijans yo mande tout fanmi nan Franklin Academy.

**1. Kestyon Kontra avèk Afè Finansye**

- a. Se pou Paran an/yo epi/oubyen Responsab lan/yo ki gen responsabilite chak elèv Franklin Academy siyen Kontra sa a chak ane skolè epi kontra an fè pati de egzijans pou enskripsyon nan lekòl lan.
- b. Se pou tout obligasyon finansye pou tout ane presedan nan lekòl lan satisfè anvan 1<sup>ye</sup> me nan kalandriye ane aktyèl lan. Akseptasyon elèv lan pou ane skolè ki swiv yo fèt anba kondisyon pou dispozisyon sa a respekte.
- c. Youn nan responsabilite fanmi chak elèv yo selon kontra sa a se peye nan dat ki prevwa yo tout balans lajan yo dwe Franklin Academy (pa egzanp balans sou peman kantin lan, chaj pou lè yo vin chèche elèv lan an reta, chaj pou chèk ki retounen ba yo). Se pou sa, mwen/nou pral fè peman sa yo nan dat ki deziye yo.
- d. Mwen/nou konvni ekspresman pou pitit mwen pa gen otorizasyon pou li patisipe nan okèn ativite paraskolè (pa egzanp, pwomnad, bal, spò, klòb paraskolè) si genyen yon balans ki pako peye bay Franklin Academy sou kont pitit mwen

**2. Kestyon Akademik**

- a. Mwen/nou dakò pou nou kenbe tèt nou enfòm sou edikasyon pitit mwen epi pran responsabilite pwogrè akademik pitit mwen. Mwen/nou dakò pou nou mentni kominikasyon avèk lekòl lan. Pou fè sa mwe/nou pral li touswit nenpòt avi pitit mwen resevwa nan lekòl lan, epi ki kapab rive lè pitit mwen remèt avi an de la men a la men, pa lapòst oubyen pa imèl. Mwen/nou dakò tou pou nou reponn kominikasyon sa yo nan yon fason ki konvab.
- b. Mwen/nou dakò pou nou siveye pwogrè akademik pitit mwen a travè PowerSchool, epi a travè lòt kominikasyon ant lekòl avèk lakay (pa egzanp ajanda, sit entènèt pwofesè yo, epi dosye ebdomadè). Mwen/nou pral kominike avèk pwofesè yo osijè de pwogrè akademik pitit mwen selon neseseite an, oubyen jan lekòl lan mande sa. .

### 3. Prezans ak Transpò

a. Mwen/nou pral veve pou pitit mwen rive lekòl a lè, pase tout jounen lekòl lan, epi li pa absan san rezon ki jistifye. Mwen/nou pral siveve prezans pitit mwen nan lekòl epi tout reta pou mwen kapab si li respekte tout egzijans Eta an sou prezans nan lekòl.

b. Mwen/nou pral bay pitit mwen transpò pou ale epi pou soti nan lekòl lan si sistèm transpò lekòl lan, ki limite, pa kouvri zòn mwen an.

c. Mwen/nou pral depoze pitit mwen nan kote epi fason lekòl lan deziyen. Pitit mwen pral depoze lekòl a lè pou li kapab rive nan saldeklas li lè klas homeroom lan kòmanse.

Pi prezizeman: *(Se pou Paran/Responsab lan mete lèt inisyal non li pou chak règleman)*

- Pa Depoze anvan Lè – Mwen/nou pap depoze pitit mwen/nou anvan lè ki te deziyen an pou klas timoun lan, menm jan politik lekòl lan detèminen sa.  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Pa Stasyon an deyò Kanpis lan – Mwen/nou pap al chèche ni depoze pitit mwen nan yon kote ki pa sou kanpis lan epi fè pitit mwen mache pou ale nan/kite lekòl lan. (pa egzant, pa stasyon nan pakin magazen oubyen katye ki nan zòn lekòl lan, pou fèt pitit mwen mache pou li ale nan oubyen kite lekòl lan; pa stasyon ilegalman)  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Pa rive anvan lè ki deziyen pou chak klas yo pou vin chèche timoun yo (sètadi pa anpile machin nan lari lekòl lan)  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Pa stasyon an deyò kanpis lekòl lan pou Paran mache vin chèche timoun yo – Mwen/nou pap stasyon an deyò kanpis lan epi mache pou al nan lekòl lan pou vin chèche pitit mwen/nou lè lekòl lage. Paran elèv yo ki enskri kòm timoun ki al lekòl a pye oubyen sou bisiklèt dwe pou yo mache/ale a bisiklèt pou rive jis lakay yo lè yo vin chèche pitit yo.  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Viyèt pou Dash machin – Mwen/nou pral genyen viyèt sou dash lan vizib pandan tout tan mwen/nou sou kanpis lan lè lekòl lage. Viyèt lan pral gen koulè korèkt lan epi li pral endike non avèk klas pitit mwen.  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Telefòn mobil entèdi nan liy machin yo – Mwen/nou byen konprann sa entèdi pou moun itilize telefòn mobil nan liy machin yo pandan nap depoze oubyen vin chèche timoun paske se yon pwoblèm pou sekirite ki mete paran yo, pèsònèl lan avèk elèv yo an danje.  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_
- Mwen/nou byen konprann okèn timoun pap gen pèmisyon pou li ale lakay li apye/sou bisiklèt si li pa remèt yon fòmilè “Rejistrasyon Pyeton/Bisiklèt” ki deja

ranpli. Mwen/nou byen konprann tou, yon fwa yon fòmilè “Rejistrasyon Pyeton/Bisiklèt” fin ranpli, se pou pitit mwen rive jis lakay nou a pye oubyen sou bisiklèt epi se pa pou pèsòn vin chèche li an machin sou wout lakay li.

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_

- Mwen/nou konvni ekspresman peryòd pou “Lekòl lage/Siyen pou soti anvan lè” an fini a 1:45 chak jou gen lekòl epi okèn timoun pral soti lekòl lan anvan lè apre lè sa a. Paran yo pap pwograme randevou ki mande pou elèv yo soti lekòl anvan lè sa a.

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_

#### 4. Kòd Kondwit

a. Mwen/nou dakò pou nou respekte direktiv fonksyonman lekòl lan (sètadi règleman ak pwosedi pou jan yo depoze epi vin chèche timoun yo, soti lekòl anvan lè, egzijans kòd vestimantè an).

b. Mwen/nou dakò pou nou achte inifòm lekòl yo selon egzijans yo pou pitit mwen nan magazen ki deziyen yo e sèlman nan magazen ki deziyen yo epi pou mwen veye pou pitit mwen an/yo abiye avèk inifòm lekòl lan chak jou (sa gen ladan l soulye, kwafi, chosèt, jakèt epi sentiwon ki konvnan). Mwen/nou dakò pou pitit mwen pa mete vètman l pa gen apwobasyon pou li vin lekòl.

c. Mwen/nou dakò pou nou bay manje a midi oubyen achte manje a midi pou pitit mwen nan men founisè an ki gen apwobasyon lekòl lan.

d. Mwen/nou byen konprann gen yon kòd pou kondwit pou tout elèv nan lekòl lan. Mwen/nou responsab pou veye pou pitit mwen byen konprann direktiv avèk atant pou yo montre respè, koutwazi epi politès bay tout kominote Franklin Academy an.

e. Mwen/nou ekspresman dakò pou nenpòt aksyon ki make pi ba yo, si mwenmenm oubyen pitit mwen fè yo, sa kapab genyen kòm rezilta pou yo mete pitit mwen deyò nan Franklin Academy epi pitit mwen kapab pèdi privilèj pou li enskri nan lavni nan lekòl lan:

*(Se pou e Paran/Responsab e Elèv lan mete lèt inisyal non yo akote chak aksyon)*

(1) Konpòtman oubyen aksyon ki deranjan epi ki reprezante yon menas oubyen danje pou limenm oubyen nenpòt lòt moun;

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(2) Pran yon twazyèm retni oubyen sispansyon nan lekòl lan;

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(3) Entimide lòt timoun, oubyen temwen entimidasyon yon timoun san rapòte sa bay yon moun nan pèsònèl Franklin Academy an;

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_



(4) Andomaje oubyen detwi byen ki apatni a lekòl lan;  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(5) Pote nenpòt zam, oubyen menase yon moun avèk yon zam (menm si timoun lan pa gen zam lan nen men li menm);  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(6) Move konpòtman, oubyen kreye kondisyon ki mete moun an danje, swa nan lekòl lan oubyen nan otobis lekòl lan;  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(7) Falsifye nenpòt dokiman yo remèt lekòl lan, oubyen pa bay enfòmasyon ki konplè epi korèkt jan sa egzije nan fòmilè lekòl lan bay.  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

(8) Mwen/nou byen konprann si mwen/nou pa respekte kòd vestimantè an sa pral anpeche pitit mwen enskri ankò nan lavni nan Franklin Academy (sètadi koulè cheve ki pa nòmal, chemiz ki pa antre nan pantalon/jip, pa mete sentiwon oubyen soulye ki gen apwobasyon lekòl lan, ets.)  
Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Elèv: \_\_\_\_\_

## 5. Pwogram Sèvis Lekòl

a. Mwen/nou byen dakò pou chak nan nou patisipe nan pwogram sèvis lekòl lan epi mwen/nou pral kontribye 20 èd tan sèvis bay lekòl lan pandan ane skolè an pou premye pitit mwen ki enskri nan lekòl lan. Mwen/nou pral kontribye anplis 10 èdtan sèvis si mwen/nou gen plis pase yon timoun ki enskri nan lekòl lan.

## 6. Konsantman pou Klas ki pa Mikst

a. Mwen/nou bay konsantman mwen/nou bay Franklin Academy pou yo mete pitit mwen/nou nan klas ki pa mikst pou matyè de baz sa a (sa yo).

*(Mete lèt inisyal non ou akote chak matyè de baz kote ou bay konsantman ou pou plasman nan klas non-mikst.)*

\_\_\_\_\_ Matematik

\_\_\_\_\_ Syans



\_\_\_\_\_ Lekti/Lang

\_\_\_\_\_ Syans Sosyal

**Mwen/nou byen konprann epi dakò Franklin Academy se yon lekòl de chwa. Mwen/nou chwazi pou voye pitit mwen nan lekòl sa a. Si mwen/nou pa respekte dispozisyon ak kondisyon ki dekri pi wo an, mwen/nou dakò pou pitit mwen ranwaye nan Franklin Academy oubyen mwen/nou pral pèdi privilèj pou enskri pitit mwen nan yon ane skolè a lavni.**

Non Timoun lan: \_\_\_\_\_

Klas li: \_\_\_\_\_

Mwen/nou byen konprann epi nou dakò pou dispozisyon ak kondisyon Kontra sa a lye nou.

\_\_\_\_\_  
*Siyati Paran/Responsab*

\_\_\_\_\_  
*Siyati Paran/Responsab*

\_\_\_\_\_  
*Non a lèt detache*

\_\_\_\_\_  
*Dat*

\_\_\_\_\_  
*Non an lèt detache*

\_\_\_\_\_  
*Dat*